



RESOUS ALIMANTÈ PANDAN ETE A POU TIMOUN YO

Timoun Ohio yo ka manje gratis pandan ete a!

MANJE ETE

Tout timoun ki gen 1 rive 18 an kalifye pou yo resevwa manje gratis nan lokal Pwogram Sèvis Manje Alimantè Ete USDA ki patisipe yo. Gen kèk moun ki gen 19 jiska 21 an ki te idantifye kòm moun ki gen andikap mantal oswa fizik ki kalifye tou.

Aprann plis bagay sou Manje Pandan Ete sou <https://bit.ly/CHASummer>.

EBT/SUN BUCKS POU ETE

Fanmi ki gen timoun ki gen laj pou lekòl epi ki gen revni ki egal oswa anba 185% nan nivo povrete federal la kapab achte manje atravè kat yo tou met lajan sou yo a. Avantaj \$120 sa a mache ak lòt pwogram asistans nitrisyon pou bay timoun yo aksè regilye ak nitrisyon esansyèl lè lekòl fèmen.

Jwenn plis enfòmasyon sou do paj sa a oswa ale sou <https://ohiosummerebt.org>.

KOTE YO SERE MANJE AK DEPO MANJEALIMANTÈ

Kote yo sere manje ak depo manjealimantè ak lòt resous pou moun ak fanmi k ap fè fas ak ensekirite alimantè.

Jwenn yon kote yo sere manje oswa yon depo manjealimantè nan zòn ou an lè w rele 2-1-1 oswa chèche sou kat la sou <https://ohiofoodbanks.org/foodbanks>.

AVANTAJ PWODUI YO

Sa a bay yon egalite dola pou dola (jiska \$25) sou acha SNAP/EBT pou fwi ak legim. Sa a gen ladan avantaj EBT/SUN Bucks pou ete a!

Jwenn yon adrès sou <https://produceperks.org/locations>.

Skane kòd la
pou w jwenn
enfòmasyon
ak resous



Jwenn kote yo bay manje
pandan ete a:

<https://bit.ly/CHASummer>

Ale sou kote pou w jwenn
adrès yo:

[https://www.fns.usda.gov/
meals4kids](https://www.fns.usda.gov/meals4kids)

Rele 1-866-3-HUNGRY
(486479) pou plis
enfòmasyon.





RESOUS ALIMANTÈ PANDAN ETE A POU TIMOUN YO

EBT/SUN Bucks pou Ete

Pwogram Transfè Avantaj Elektwonik pou Ete a pou Timoun (EBT pou Ete oubyen SUN Bucks) bay avantaj pou makèt pou fanmi ki gen ti revni ki gen timoun ki gen laj pou lekòl nan Ohio lè lekòl yo fèmen pou ete a.

Fanmi yo ka itilize avantaj yon sèl fwa \$120 a pou chak timoun ki kalifye nan makèt, mache kiltivatè, ak lòt detayan otorize. Avantaj EBT pou Ete yo swa chaje sou Kat Direksyon Ohio yon kay oubyen yon kat avantaj EBT pou Ete yon ane anvan, oubyen yo pral voye yon nouvo kat avantaj panan lapòs bay chak timoun ki kalifye.

KI MOUN KI KALIFYE AK FASON POU W APLIKE

Si yon kay deja patisipe nan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) oubyen Ohio Works First (OWF), oubyen si lekòl li apwouve yon elèv pou manje gratis ak a pri ki gen rabè atravè aplikasyon dirèk, timoun nan ap enskri otomatikman. Pifò kay ki gen timoun ki gen Medicaid ap enskri otomatikman tou, selon revni kay yo lè yo te aplike pou Medicaid la. Anpil lekòl fè manje lekòl disponib gratis pou tout elèv, men manje lekòl gratis pa kalifye otomatikman fanmi yo pou resevwa avantaj sa a; fanmi yo dwereponn ak kondisyon kalifikasyon revni yo dirèkteman.

Si w pa enskri otomatikman epi ou kwè pitit ou a kalifye, aplike lè w ranpli yon senp aplikasyon.

Skane kòd QR ki adwat la oswa ale sou <https://sebt.ohio.gov/application>.

Verifye pwogrè aplikasyon EBT/SUN Bucks ou a pou ete a epi gade enstriksyon kalifikasyon revni yo sou <https://sebt.ohio.gov/status>.

Pou kesyon moun poze souvan yo ale sou <https://ohiosummerebt.org/faqs>.

Skane kòd la pou aplikasyon EBT/ SUN Bucks pou ete a



FASON L MACHEFONKSYONE

1.) Aktive kat ou a

Si w ap resevwa avantaj SNAP, y ap ajoute lajan sou Kat Direksyon Ohio ou gen nan moman an epi ou pa bezwen fè okenn lòt bagay. Si w ap resevwa yon nouvo kat, l ap vini ak enstriksyon yo.



2.) Ale nan magazen an

Jwenn magazen ki aksepté SNAP EBT lè w ale sou <https://www.fns.usda.gov/snap/retailer-locator>.

3.) Pran manje w

Aprann plis sou <https://www.fns.usda.gov/snap/eligible-food-items>.

4.) Peye ak kat ou

Pase kat ou nan kès la tankou yon kat debi, men peze bouton «EBT» a. Antre PIN ou, epi peze «Enter».

Skane kòd la pou enstriksyon detaye



Enstitisyon sa a se yon founisè ki bay opòtinite egal. Pwojè sa a te finanse an pati avèk lajan Depatman Agrikilti Etazini. Kontni an pa oblije reflete opinyon oswa politik Depatman Agrikilti Etazini, ni paske li gen nan komèsyal, pwodui oswa òganizasyon pa vle di Gouvènman Etazini an apwouve pwojè a.